

## BAB III


### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Métode panalungtikan nyaéta cara pikeun meunangkeun data pikeun tujuan nu tangtu (Sugiyono, 2013). Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu digunakeun pikeun nalungtik objék sacara alamiah anu hasil panalungtikanana nyindekel kana hati atawa ma'nana (Sugiyono, 2013) Métode panalungtikan déskriptif mangrupa cara pikeun ngumpulkeun data panalungtikan saluyu jeung tujuan panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun analisis wacana kritis dina rubrik “Béja Ti Nagara” dina Majalah *Manglé* édisi bulan Januari taun 2023.

Léngkah-léngkah pikeun ngalaksanakeun ieu panalungtikan nyaéta, (1) nyieun rumusan masalah nu aya patalina jeung analisis wacana kritis hususna dina rubrik “Béja Ti Nagara” dina Majalah *Manglé*; (2) niténan deui data analisis wacana kritis; (3) nyieun papasingan data dumasar kana struktur model Teun S. van Dijk nu ngawengku struktur mikro, struktur makro, jeung superstruktur; (3) nganalisis data wacana kritis dumasar kana struktur mikro, struktur makro, jeung superstruktur; (4) ngadéskripsikeun wacana kritis dumasar kana struktur mikro, struktur makro, jeung superstruktur; (5) napsirkeun data hasil analisis; jeung (5) nyieun kacindekan panalungtikan.

Désain panalungtikan mangrupa bagan anu eusina tahapan panalungtikan ti mimiti tatahar nepi ka nyusun laporan atawa kacindekan. Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan 3.1 di handap.



**Bagan 3.1 Desain Panalungtikan**

### 3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Ngumpulkeun data bisa ngagunakeun sumber primer jeung sekunder. Sumber primer nyaéta sumber data langsung tina data anu dikumpulkeun ku panalungtik, sedengkeun sumber sekunder nyaéta sumber data anu teu langsung dibikeun ku

Fatiya Nurul Fauzia, 2023  
ANALISIS WACANA KRITIS KANA RUBRIK “BÉJA TI NAGARA” DINA MAJALAH MANGLÉ (Tilikan Struktur Téktual)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtik, contona ngaliwatan jalma lian atawa ngagunakeun dokumén. Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téks rubrik “Béja ti Nagara” dina Majalah *Manglé* édisi bulan Januari taun 2023. Datana nyaéta téks anu eusina ngeunaan pulitik atawa kakawasaan. Anapon jumlah rubrik “Béja Ti Nagara” anu medal salila bulan Januari taun 2023 nyaéta aya 7 téks anu diwincik dina tabél di handap.

Tabél 3.1  
Sumber Data Panalungtikan

No.	No. Édisi	Édisi Midang	Judul
1.	2915	5 – 11 Januari 2023	Présidén Ngaesmiikeun Bendungan Sadawarna Sumedang
2.	2915	5 – 11 Januari 2023	Waprés Meredih Bantuan Modal Kur Leuwih Ditingkatkeun
3.	2916	12 – 18 Januari 2023	Présidén Miharep Suksés Sumedang Jadi Conto Daérah Séjén
4.	2917	19 – 25 Januari 2023	Présidén Tandes Ulah Aya Deui Pelanggaran HAM Beurat
5.	2917	19 – 25 Januari 2023	Cara Pamaréntah Nyiptakeun Indonésia Boga Pangasilan anu Luhur
6.	2918	26 Januari – 1 Februari 2023	Ngawangun Kota Luyu jeung Ciri Mandiri
7.	2918	26 Januari – 1 Februari 2023	Waprés Miharep Pangwangunan Daérah Leuwih Dihangkeutkeun

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ulikan pustaka, ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun data analisis wacana kritis kana rubrik “Béja Ti Nagara” dina Majalah *Manglé*. Léngkah – léngkah dina ngumpulkeun datana saperti dihandap ieu.

- a. Maca téks rubrik anu jadi objék panalungtikan nyaéta rubrik “Béja Ti Nagara” dina Majalah *Manglé*.

Fatiya Nurul Fauzia, 2023

ANALISIS WACANA KRITIS KANA RUBRIK “BÉJA TI NAGARA” DINA MAJALAH MANGLÉ (Tilikan Struktur Téksual)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. Nyirian alinéa jeung kalimah anu kaasup kana struktur analisis wacana kritis.
- c. Nyalin wacana kritis kana kartu data digital.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat anu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam jeung sosial anu dititénan (*diamati*) kalawan taliti. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital. Kartu data mangrupa pakakas anu fungsina pikeun ngumpulkeun data nu rék ditalungtik. Dina kartu data aya hal-hal anu rék dianalisis anu ngawengku sababaraha komponén ngeunaan analisis struktur wacana kritis modél Teun Van Dijk. Di handap ieu rarancang kartu datana.

Tabél 3.2

Kartu Data

<b>Kartu Data:</b>	
<b>A. Judul</b>	<b>(Edisi/Judul/Kaca/Alinéa/Kalimah)</b>
1. Struktur Mikro:	
a. Semantik :	1) Latar 2) Détail 3) Maksud 4) Praanggapan 5) Nominalisasi
b. Sintaksis :	1) Wangun (aktif-pasif) 2) Susunan Kalimah (kohérens)
c. Stilistik :	1) Léksikon 2) Pronomina 3) Métafora
d. Rétoris :	1) Grafis
2. Struktur Makro:	
3. Superstruktur :	1) Bubuka 2) Eusi 3) Panutup

Keterangan:

- A : nuduhkeun abjad awal judul wacana  
 () : informasi ngeunaan majalah *Manglé*, édisi, singgetan judul wacana, kaca téks Béja Ti Nagara. Paragraf, jeung kalimah.

Dumasar kana kartu data di luhur, tuluy disusun format analisis struktur wacana kritis saperti ieu di handap.

Tabél 3.3

Struktur

No.	Kode Data	Struktur	Unit Wacana	Data Kalimah

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa téhnik dina nganalisis data hasil ngumpulkeun tina hasil panalungtikan. Sanggeus dikumpulkeun, tuluy data diolah maké téhnik analisis unsur langsung. Léngkah-léngkah ngolah datana saperti ieu di handap.

- Niténan deui data wacana kritis nu geus dikumpulkeun.
- Nyieun papasingan data dumasar kana struktur modél Teun A. van Dijk, nu ngawengku (1) struktur mikro, (2) struktur makro, jeung (3) superstruktur.
- Nganalisis data wacana kritis dumasar kana struktur mikro, struktur makro, jeung superstruktur.
- Ngadéskripsikeun wacana kritis dumasar kana struktur mikro, struktur makro, jeung superstruktur.
- Napsirkeun data hasil analisis.
- Nyieun kacindekan panalungtikan ngeunaan analisis wacana kritis kana rubrik “Béja Ti Nagara” dina Majalah *Manglé*.